

LEGENDHA PESAREAN RADEN AYU PUTRI ONCAT TANDHA WURUNG  
ING DESA TERUNG WETAN KABUPATEN SIDOARJO

Ayuk Sukmawati, Dra. Sri Sulistiani, M.Si.

Universitas Negeri Surabaya  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

**Abstrak**

Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung minangka sawijine wujud folklor lisan kang ana ing desa Terung Wetan, Kabupaten Sidoarjo. Legendha kasebut nyritakake ngenani putri saking Adipati Terung kang ngandhut tanpa bapak, lan dipateni dening ramane dhewe lajeng jasade dieksekusi ing dina Selasa Kliwon (Anggara Kasih), dibuwang ing Bengawang Terung. Mula saka kuwi jeneng Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati dumadi “Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung”, yaiku tembung “Oncat” tegese jasade ora metu ing Bengawan Terung, tembung “Tandha” tegese durung mangerteni tandha apa sajrone wetenge, tembung “Wurung” tegese durung mangerteni wujude isine, arupa ula, naga, utawa pusaka. Underane panliten, yaiku: 1) Kepriye wujud Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung?; 2) Kepriye pigunane Legendha Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung?; 3) Kepriye makna simbol kang kinandhut sajrone Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung?; 4) Nilai-nilai budaya apa wae kang kinandhut sajrone Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung?; 5) Kepriye owah-owahan kang dumadi sajrone Legendha Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung?

Kanggo ngonceki masalah kang dadi punjere panliten digunakake teori lan konsep kang cundhuk karo masalah kang arep dionceki. Konsep utawa teori kasebut ing antarane, kanggo njlentrehake piguna legendha nganggo teorine Bascom kang dikutip dening Danandjaja. Kanggo njkentrehake simbol nggunakake teorine Sudikan. Kanggo ngonceki nilai budaya nggunakake teorine Lantini. Kanggo ngonceki owah-owahan nganggo teorine Danandjaja, lan folklor nganggo teorine Danandjaja. Metode kang digunakake ing panliten iki yaiku *deskriptif kualitatif*. Pangumpulan dhata ditindakake kanthi cara wawancara lan dhokumentasi.

Asile panliten yaiku critane bisa dadi patuladhan kanggo para pamudha panyengkuyunge. Makna kang terkandung dalam legendha, yaiku piranti kang isih ana gegayutan kaya dene watu manggis, sumur manggis, kendhi, banyu putih, dupa, wedhak, rembug, jungkas lan kaca pangilon. Piguna saka legendha, yaiku minangkasistem proyeksi masyarakat, minangka pranata kabudayan, minangka piranti kanggo pendhidhikan, lan minangka piranti kendali sosial. Nilai budaya kang kinandhut sajrone legendha, yaiku nilai didaktis, etik, lan religius. Owah-owahan kang dumadi sajrone legendha, yaiku saka buku titi tinular, bangunan pesarean, pakulinan kang kerep dianakake ing pesarean, sesajen lan ubarampe sajroneadicara ruwat desa (sedhekah bumi).

**PURWAKA**

**Landhesane Panaliten**

Bangsa Indonesia minangka salah sawijine bangsa kang nduweni kabudayan maneka warna jinise. Ciri khas kabudayan bisa dideleng saka karakteristike. Kabudayan nduweni makna lan simbol kang beda-beda saben dherah tartamtu. Kabudayan ngandhut aturan, norma utawa nilai-nilai kabudayan kang apik saengga bisa kanggo tuladha ing urip bebrayan. Perangan kang bakal ditiliti ing kabudayan yaiku babagan ngenani folklor. Folklor, yaiku kumpulan saka kreasi masyarakat, kaya dene masyarakat kang isih tradisional utawa masyarakat kang isih modern kanthi nggunakake swara utawa tetembungan sajrone wujud geguritan lan prosa (Soedarsono, 1986:424). Folklor lesan sing wujude crita rakyat, miturute William R. Bascom kaya kang kakutip dening Danandjaja (1984:50), crita rakyat diperang dadi telu, yaiku: (1) *mite* nyritakake ngenani kedadean sing ana ing donya, pati, ngenani wujud kewan, ngenani wujude topografi saben dhaerah lan sapanunggale, (2) legendha, yaiku

crita prosa rakyat, sing kedadean iku dianggap nyata lan ana bukti utawa petilasan saka kedadean kasebut, lan (3) dongeng, yaiku crita rakyat sing bisa diprecaya anane.

Legendha yaiku crita kang asale bebrayan, banjur dianggap prastawa kang nduweni sejarah (Hutomo 1991:22). Legendha sipate *migratoris*, yaiku bisa pindah-pindah (Danandjaja, 1984:66). Ing desa Terung Wetan Kecamatan Krian Kabupaten Sidoarjo ana sawijine legendha kang nganti saiki isih dirembakake dening masyarakat mligine desa Terung Wetan lan sakiwa tengene. Legendha kasebut minangka warisan saka para leluhur kang diwarisake nganti saiki, yaiku Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung.

Legendha kasebut nyritakake putrine Adipati Terung kang jenenge Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati. Raden Ayu Putri nduweni keanehan lan *kasenengan* dhewe yaiku dodolan kembang pandhan ing pasar kembang desa Terung Wetan. Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati ngandhut tanpa bapak, amarga lading (pangot) kang ngampil saka Sunan

Bonang (Raden Makdhum Ibrahim). Raden Husein tanaya duka lan bakal mateni putrine dhewe nganggo pusaka Korowalang. Mula amarga bektine marang wong tuwane, Raden Ayu Putri lila lan ikhlas yen dheweke dening ramane dhewe.

Raden Ayu Putri matur yen upama dipateni jasade dieksekusi ing dina Anggara Kasih (Selasa Kliwon), lan upama getihe werna putih lan ambune wangi dheweke isih suci lan ora salah (utawa matur kang sabener-benere utawa jujur), amarga ramane dhewe sing mateni dheweke kepengin yen jasade dikentirake ana ing Bengawan Terung sing gedhe kuwi. Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati dipateni ing dina Anggara Kasih (Selasa Kliwon) lan ora disangka-sangka sawise nguncalake jasade ing Bengawan Terung getihe dadi werna putih lan ambune wangi. Bengawan Terung sing banyune agung lan deres kuwi ora disangka-sangka banyune asat. Saka kedadean kuwi Raden Husein kuciwa lan getun banget. Dening andhahane diencepake watu nisan ing ngendi Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati mati.

Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati jenenge dadi Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung . Tembung “Oncat” kuwi tegese jasade ora sida metu saka Bengawan Terung sing asat kuwi, banjur tembung “Tandha” kuwi tegese ora mangerten apa tandha utawa isine kang ana njerone wetenge Raden Ayu Putri kuwi, lan pungkasane tembung “Wurung” kuwi tegese durung ngerti apa isine wetenge Raden Ayu Putri wujud ula, naga utawa pusaka.

Panliti nliti LPRAPOTW ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo iki amarga, (1) miturut masyarakat sakupenge legendha kasebut durung ditliti kanthi luwih rowa, (2) sajrone LPRAPOTW ngandhut piguna, makna simbol, lan owah-owahan kang dumadi sajrone LPRAPOTW ing desa Terung Wetan kang durung dimangerten dening generasi mudha ing jaman saiki, (3) legendha kasebut nduweni pangaribawa tumrap panguripane masyarakat sakupenge. Bab-bab iki bakal ditintingi kanthi sawenehe teori ara ahli yaiku teorine folklor. Kabeh mau bakal diwujudake kanthi rupa laporan panliten kanthi irah-irahan “*Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tando Wurung ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo*”.

### **Underane Panaliten**

Saka babagan kang wis diandharake ing ndhuwur, bisa didudut underane panliten kaya nengkene:

- 1) Kepriye wujud LPRAPOTW ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo?
- 2) Kepriye pigunane LPRAPOTW tumrap masyarakat ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo?
- 3) Kepriye makna simbol kang kinandhut sajrone LPRAPOTW ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo?
- 4) Nilai-nilai budaya apa wae kang kinandhut sajrone LPRAPOTW ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo?

- 5) Kepriye owah-owahan kang dumadi sajrone LPRAPOTW ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo?

### **Tujuwan Umum**

Panliten ngenangi LPRAPOTW ing Desa Terung Wetan Kabupaten sidoarjo” iki nduweni tujuwan, kaya nengkene:

- 1) Njlentrehake ngenani wujud LPRAPOTW ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo.
- 2) Njlentrehake ngenani pigunane LPRAPOTW tumrap masyarakat ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo.
- 3) Njlentrehake ngenani makna simbol kang kinandhut sajrone LPRAPOTW ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo.
- 4) Njlentrehake nilai-nilai apa wae kang kinandhut sajrone LPRAPOTW ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo.
- 5) Njlentrehake owah-owahan kang dumadi sajrone LPRAPOTW ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo.

### **Paedaha Panaliten**

- 1) Nambahi kawruh ngenani wujude LPRAPOTW ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo.
- 2) Bisa ngandharake makna simbol kang kinandhut sajrone LPRAPOTW.
- 3) Bisa ngandharake nilai-nilai budaya kang kinandhut ing LPRAPOTW lan piguna folklor legendha kasebut.
- 4) Bisa ngandharake owah-owahan kang dumadi sajrone LPRAPOTW ing desa Terung Wetan kasebut.
- 5) Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Desa Terung Wetan ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan diuri-uri supaya bisa dimangerten kabeh dhaerah saka sanjabane Desa Terung Wetan.

### **Wewatesan Istilah**

Wewatesan istilah saka panliten iki yaiku:

- 1) Kabudayan yaiku sakabehe gagasan, rasa sarta olah ciptae manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake, dilakoni kanthi cara dianakake kanthi cara sinau mgunakake simbol-simbol arupa ukara lan sistem pirantine (Koentjaraingrat, 1987:1).
- 2) Folklor iku kumpulan saka kreasi masyarakat, kayata masyarakat kang isih tradhisional utawa masyarakat kang isih modern kanthi cara nggunakake swara utawa tetembungan sajrone wujud geguritan lan prosa (Soedarsono, 1986:424).
- 3) Folklor lesan yaiku folklor kang wujude nyata lesan, kaya dene basa rakyat, nyanyian rakyat, guritan (*pantun* lan *syair*) uga pitutur tradhisional (Danandjaja, 1984:21-22).
- 4) Panyebarane folklor kanthi gethok tular (saka lambe ing lambe), ora kanthi *cetakan* utawa

- rekaman ndadekake proses pola pikire manungsa kelalen (lupa dhiri), saengga bisa ngowahi sanjabane folklor sithik akehe (tanpa inggalake wujud asline) (Danandjaya, 1984:4).
- 5) Legendha iku asipat *migratoris* yaiku bisa pindhah-pindhah saka kana ing kene. Saliyane iku, legendha nyebar lan mangun klompok-klompok kang diarani siklus, yaiku sekelompok kang nyritakake salah sawijine tokoh utawa salah sawijine kedadean kang ana sajrone dhaerah utawa desa panggonane. Titikan saka legendha yaiku ora ana pangripatane (anonim) diduweni kolektif dadi ora mung diduweni mung siji pawongan wae nanging bisa diduweni kanggo sedaya masyarakat Jawa, lan nduweni fungsi tartamtu ing bebrayan kang durung kenal aksara (Danandjaya 1984:66).
  - 6) Simbol yaiku objek utawa prastawa apa wae kang nggambarkerake kekarepan tartamtu (Sudikan, 2001:180).
  - 7) Nilai budaya yaiku salah sawijine prinsip kanggo nimbangi becik lan alane samubarang (Pramono, 2005:90).
  - 8) RAPOTW: Tokoh masyarakat ing Desa Terung Wetan ing jaman Majapahit, putrine Raden Husein Adipati Terung Wetan.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Saemper

Panliten saemper kang ngrembung babagan ngenani legendha iki wis ana. Kayata panliten kapisan kang ditindakake dening Aestri Fatimatul, mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2007 kanthi irah-irahan *Legendha Mlathi Ngglandhang Anakan Desa Sidomulya Ngadirejo Pacitan*. Asil panliten iki ngrembung babagan gegambaran crita, pitutur, kalungguhan crita tumrap masyarakat, fungsi crita lan gegayutan crita karo masyarakat bebrayan. Sajrone panliten iki kang dadi punjere kanthi nganalisis fungsi legendha kang diandharake Bascom lan ditambahi Dundes yaiku, kanggo nggulawentah anak, kanggo nuwuhake rasa syukur marang Gusti, kanggo njaluk kaslametan, kanggo sarana hiburan, kanggo ngesahake pranata-pranata lan lembaga kebudayan, sarta piranti kanggo nglestarekake kabudayan.

Panliten kapindho kang ditindakake dening Ika Fatmasari, mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah angkatan 2007 kanthi irah-irahan *Legendha Guwa Tan Tik Siu ing Desa Sumberagung, Kecamatan Rejotongan, Kabupaten Tulungagung*. Asil panliten ngrembung babagan struktur, nilai budaya, lan fungsi. Sajrone panliten iki dipunjerake kanthi nganalisis nilai budaya sajrone Legendha Guwa Tan Tik Siu yaiku nilai kaprecayaan, nilai tumindak, nilai abstraksi saka pangalaman tartamtu, lan nilai panguripan masyarakat Sumberagung.

Panliten katelu kang ditindakake dening Yuli Kristina Dewi, mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa

Daerah angkatan 2008 kanthi irah-irahan *Legendha Ki Ageng Honggolono ing Desa Golan Kecamatan Sukorejo Kabupaten Ponorogo*. Asil panliten iki ngrembung babagan ngenani struktur, nilai budaya lan fungsi apa wae kang kinandhut ana sajrone Legendha Ki Ageng Honggolono. Sajrone panliten Legendha Ki Ageng Honggolono iki kang dadi punjere ing babagan struktur, nilai-nilai budaya sarta fungsine. Babagan struktur legendha, panliten iki nggunakake teori struktur naratif ala Maranda kang nggunakake satuan unsur sing diarani terem lan fungsi.

Telung panliten kasebut ora padha amarga saliyane papane beda uga tintingan kang digunakake beda, yaiku panliten saemper kang kapisan kang dadi punjere yaiku ngenani fungsine, kaloro kang dadi punjere yaiku ngenani nilai legendha, lan katelu yaiku nilai-nilai budaya lan fungsine. Panliten LPRAPOTW iki dumunung ing Desa Terung Wetan, Kecamatan Krian, Kabupaten Sidoarjo. Legendha iki ngrembung babagan ngenani wujud legendha, makna simbol, fungsi, lan owah-owahan kang ana sajrone LPRAPOTW ing desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo. Tintingan kang digunakake kanggo ngrembung legendha iki yaiku wujud, piguna, makna simbol, lan owah-owahan sajrone legendha kasebut. Tintingan dirasa luwih trep kanggo nintingi LPRAPOTW kasebut.

### Konsep Kabudayan

Manungsa iku nduweni cipta, rasa, lan karsa kang bisa nyiptakake idhe-idhe kanggo pawujudane. "Kabudayan" yaiku asale saka basa Sansekerta *buddayah*, yaiku wujud jamak saka budhi kang ateges "budi" utawa "akal", saengga kabudayan iku bisa diwenehi teges "babagan kang ana gegayutane marang budi lan akal" (Koetjaraingrat, 1987:9).

Koentjaraningrat (1987:5-7), ngandharake wujud kabudayan diperang dadi telu, yaiku 1) wujud kabudayan minangka saka idhe-idhe, pamikiran, nilai-nilai, norma-norma, aturan lan liya-liyane, 2) wujud kabudayan minangka nglumpukake saka aktivitas lan uga tumindak saka manungsa ing bebrayan, 3) wujud kabudayan minangka wujud asil karyane manungsa. Wujud budaya kapisan yaiku wujud budaya kang salah sawijine wujud idhe, gagasan, nilai utawa norma kang dianggo ing urip bebrayan, bisa kanggo tuladha kayata solah bawane, tindak tanduke manungsa saben dinane lan bisa diterapake ing panguripane. Wujud budaya kapindho yaiku wujud kang kerep diarani sistem sosial, kayata arupa kagiyatan saben dinane manungsa ing sajrone urip bebrayan. Interaksi iki melu pola-pola tartamtu adhedhasar adat tata lakune. Wujud budaya katelu yaiku wujud kang arupa piranti lan bisa didemok, bisa disawang nganggo panca ndriya, lan nduweni makna utawa kaendahan saka piranti kang digawe kasebut. Wujud pirantine kayata patung, candi gawenan, dolanan saka plastik kaya pesawat, motor-motoran lan sapiturute.

### Konsep Folklor

Kanthy etimologis tembung folklor ing basa Indonesia yaiku folklore kang dumadi saka tembung *folk* lan *lore*. Tembung *folk* bisa sinebut tembung kolektif, dadi *folkateges* saperangan manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial, lan kabudayan, mula bisa dibedakake saka perangan siji lan sijine. Titikane saka *folk* busa awujud kayata, tandha fisik (wernane kulit, wujude rambut, lan sapiturute), tandha sosial (pangupajiwané lan taraf pendhidhikan), tandha budaya (basa, budaya, kagiyatan, agama, lan sapiturute). Tembung *Lore* ateges tradhsyi *folk* yaiku saperangan saka kabudayan kang diwarisake kanthy cara turun-tumurun kanthy sarana lesan utawa tulesan.

Folklor yaiku saperangan kabudayan sawijine kolektif kang sumebar lan diwarisake kanthy turun-tumurun, antarane kolektif jinis apa wae kanthy tradhisional sajrone versi kang beda kaya dene lesan utawa gerak isyarat utawa kango mbiyantu pangelingeling (Danandjaja, 1984:1-2). Folklor wujude diperang dadi telu, yaiku (1) folklor lesan yaiku wujude murni lesan, wujude folklor lesan iki kaya dene basa rakyat, guritan, uga pitutur tradhisional, nyanyian rakyat lan sapiturute; (2) folklor setengah lesan yaiku wujude saka campuran unsur lesan marang unsur dudu lesan, kaya dene keyakinan bebrayan, tariyan rakyat, upacara, pesta rakyat, hiburan rakyat lan pungkasan; (3) folklor dudu lesan yaiku folklor kang wujude dudu lesan nanging cara nggawene diwulang kanthy cara lesan, kaya dene arsitektur rakyat, lan gerak tradhisional rakyat (Danandjaja, 1984:21-22).

Adhedhasar wujude folklor LPRAPOTW ing desa Terung Wetan, Kecamatan Krian, Kabupaten Sidoarjo kalebu folklor lesan, amarga wujude legendha murni kang dicritakake saka pawongan siji ing pawongan liyane lan legendhane bisa kasebar ing panggonan ngendi wae. Saka kasebare legendha antarane pawongan siji ing pawongan liyane bisa tuwuuh versi kang beda-beda saben crita ngenani LPRAPOTW. Saliyane kuwi uga ora mung ngenani legendhane kang sumebar ing masyarakat nanging uga fungsine saka LPRAPOTW kuwi bisa mujudake apa kang dadi kekarepane wong kang ngaji utawa nyekar ing pesareane bisa diijabahi, nanging panyuwune ora loput saka Gusti Kang Maha Kuwasa amarga kabeh miturut kaprecayan dhewe-dhewe.

### Konsep Legenda

Legendha yaiku crita prosa rakyat kang dianggep dening kang nduwure bener-bener kedadean. Mula saka kuwi saperangan saka masyarakat ngarani yen legendha iku “sejarah rakyat” utawa kang isih ana gegayutané karo panguripane rakyat (Hutomo, 1991:64). Legendha iku asipat *migratoris* yaiku bisa pindhah-pindhah. Saliyane kuwi legendha nyebar lan mangun klompok-klompok kang diarani siklus, yaiku seklompok crita kang nyritakake salah sawijine tokoh utawa salah sawijine kedadean. Miturut Brunvand kaya kang dikutip dening Danandjaya (1984:67-74) legendha diperang dadi patang kelompok, yaiku: (1) legendha keagamaan; (2) legendha alam ghaib; (3) legendha

pribadhi; (4) legendha dumadine papan panggonan. LPRAPOTW kalebu legendha alam ghaib, amarga legendha kasebut nduweni gegayutan marang kaprecayan bebrayan. Kayata saben wong kang ngaji utawa menehi sesajen ing PRAPOTW hajate utawa apa kang dadi pepenginane manungsa kasebut bisa diijabahi, nanging ora uwat saka Gusti Kang Maha Kuwasa lan amarga kabeh miturut kaprecayan dhewe-dhewe.

### Konsep Makna Simbol

Manungsa nduweni kabudayan khas sajrone sistem budaya kang migunakake simbol minangka piranti kanggo nitipake pesen utawa nasihat marang masyarakat panyengkuyunge. Manungsa lan kabudayan sejatiné nduweni gegayutan kang raket amarga kabudayan ngandhut makna, nilai, uga pamikire manungsa minangka pangripta. Dadi saben simbol nduweni makna kanthy isine nitipake pesen utawa nasehat dhewe-dhewe. Makna yaiku tanda utawa lambang kang ana ing sanjabane basa kang ditandai utawa dilambangake yaiku barang utawa samubarang kang dipathok karo lambang kasebut (Suwandi, 2006:49).

Simbol iku mujudake ciri-ciri manungsa kang ora diduweni kewan. Mula saka kuwi kabudayan kang diriptakake dening masyarakat kerep ana simbol-simbol kang dadi tandha pambedane anatarane kabudayan siji lan kabudayan liyane. Simbol asale saka basa Latin *symbioticum* (kawiwan saka basa Yunani *sumbolos*, nduweni kerep tandha kang negesi prakara tartamtu). Simbol mujudake objek utawa prastawa apa wae kang nggamarake kekarepan tartamtu (Sudikan, 2001:180). Kridalaksana kang dikutip Suwandi (2006:21) njentrehake semiotik yaiku ilmu kang nyinaoni lambang lan tandha. LPRAPOTW minangka salah sawijine legendha kang nduweni makna simbol tartamtu kang isih ana gegayutane karo pesarean. Simbol kang ana gegayutane karo pesarean minangka pratandha kanggo mbedakake PRAPOTW karo pesarean liyane. Makna simbolis saka PRAPOTW bisa dideleng saka piranti kang isih ana ing sakupenge pesarean kasebut, lan saben piranti nduweni makna lan simbol dhewe-dhewe.

### Konsep Fungsi

Folklor nduweni piguna tartamtu kanggo bebrayan panyengkuyunge utawa kang nyebaraké kabudayan kasebut. Piguna kang diduweni folklor iku nduweni tujuwan kanggo narik kawigaten bebrayan, supaya tetep nguri-uri lan nyengkuyung tradhisi amrih bisa tetep lestari lan bisa dadi warisan budaya. Folklor iku migunani tumrap panguripane bebrayan panyengkuyunge.

Bascom (ing sajrone Dananjaya 1984:19), ngandharake pigunane folklor diperang dadi papat, yaiku: (1) minangka sistem proyeksi yaiku kanggo alat pencerminan mangangen-angen sawijine kolektif, (2) minangka piranti pengesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, (3) minangka piranti kanggo pendhidhik bocah, (4) minangka piranti kendali

sosial. Pigunane folklor kang digayutake karo LPRAPOTW kalebu sing diandharake dening Bascom (sajrone Danandjaya 1984:19) amarga legendha kasebut nduweni piguna kang trep kaya dene sing wus diandharake ing dhuwur. Sajrone analisis uga ana piguna liyane kanggo nambahi saka perangan piguna kasebut. Saben dhaerah nduweni pigunane folklor kang beda-beda.

### Konsep Nilai Budaya

Nilai budaya iku minangka konsep kang urip pamikirae manungsa ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai ing sajrone urip bebrayan. Mula saka kuwi nilai budaya nduweni piguna kang gedhe kanggo pedoman urip lan luwih dhuwur. Sistem nilai budaya tingkat kang luwih dhuwur lan luwih *abstrak* saka adat istiadat (Koentjaraningrat, 1987:25).

Miturut Lantini (1996:251), ngandharake yen nilai budaya diperang dadi telu, yaiku: (1) nilai dhidhaktis yaiku nilai kang asipat pasinaonan. Pasinaonan iku werna-werna pambengeane, anatarane babagan agama, kepahlawanan, budi pekerti, lan liya-liyane, (2) nilai religius yaiku nilai kang ngubungake manungsa lan Gustine kaya dene nglakoni akidah-akidah agama lan ngupaya cedak marang Gustine, (3) nilai etik yaiku hubungan sebab akibat saka anane sipat-sipat apik lan alane manungsa.

Saka andharan ing dhuwur bisa didudut yen LPRAPOTW nduweni nilai budaya kang diandhrake dening Lantini, yaiku nilai dhidhaktis, nilai etik lan nilai religius. Nilai budaya kang becik kasebut bisa dianggo patuladhan ing urip bebrayan saka crita legendha.

### Konsep Owah-owahan

Owah-owahan folklor sajrone masyarakat bisa dumadi saben dhaerah, dadi bisa mbedakake antarane dhaerah siji lan sijine. Folklor kalebu peraangan saka kabudayan, kang panyebarane kanthi gethok tular lan diwarisake turun-tumurun, nanging uga ana kang sinebut folklor iku tradhisi lesan. Danandjaya (1984:4) ngandharake panyebarane folklor kanthi gethok tular (saka lambe ing lambe), ora kanthi *cetakan* utawa *rekaman* bisa ndadekake proses pola pikir manungsa kelalen (*lupa dhiri*), saengga bisa ngowahi sanjabane folklor sithik. Proses pola pikir manungsa kang saya ngrembaka uga bisa ngowahi folklor sajrone masyarakat lan ndadekake folklor kasebut saya ngrembaka sajrone dhaerah. Owah-owahan folklor sajrone masyarakat biyasane gegayutan karo crita legendha, tradhisi, piranti, lan bangunan jaman byien. Dadi objek panliten folklor uga melu diowahi, ora mung arupa, kasusastran lesan nanging bisa sanjabane saka pola pikir lan solah-bawahe manungsa. Kaya kang wis diandharake ing dhuwur LPRAPOTW uga ana kang kena owah-owahan sajrone legendha, yaiku saka crita legendha, piranti, lan bangunan, uga sesajen sing biyasane dikirim ing PRAPOTW diowahi dening masyarakat amarga pola pikir lan solah-bawah manungsane sing saya maju.

### Lelandhesan Teori

Babagan kapisan kang ditintingi yaiku wujud LPRAPOTW minangka perangan saka folklor lesan. Folklor yaiku saperangan kabudayan sawijine kolektif kang sumebar lan diwarisake kanthi turun-tumurun, anatarane kolektif macem apa wae kanthi tradhisional sajrone versi kang beda kaya dene lesan utawa gerak isyarat utawa kanggo mbiyantu pangeling-eling (Danandjaya, 1984:1-2). LPRAPOTW kalebu folklor lesan, amarga wujude legendha kasebut murni kang dicritakake saka pawongan siji ing pawongan liyane lan legendhane bisa kasebar ing panggonan ngendi wae.

Babagan kapindho, yaiku ngenani pangerten saka legendha nggunakake konsep diandharake Danandjaya (1984:66). Legendha iku asipat *migratoris* yaiku bisa pindhah-pndhah. Saliyane kuwi legendha nyebar lan mangun klompok-klompok kang diarani siklus, yaiku seklompok crita kang nyeritakake salah sawijine tokoh utawa salah sawijine kedadean. Titikane saka legendha bisa dititiki saka pangripatane (anonim) tanpa nama lan diduweni kanthi kolektif, lan nduweni fungsi tartamtu ing masyarakat kang durung kenal aksara (wuta hurup)

Babagan katelu, yaiku makna simbol kang kinandhut LPRAPOTW nggunakake teori (Suwandi, 2006:49) makna yaiku tanda utawa lambang kang ana ing sanjabane basa kang ditandai utawa dilambangake yaiku barang utawa samubarang kang dipathok karo lambang kasebut. Dene simbol migunakake teorine (Sudikan, 2001:180) simbol asale saka basa Latin *symbolicum* (kawiwan saka basa Yunani *sumbolos*, nduweni kerep tanda kang negesi prakara tartamtu). Saliyane iku, simbol mujudake objek utawa prastawa apa wae kang nggambarakake kekarepan tartamtu. Dadi saben simbol kang ana ing sajrone kabudayan nduweni makna kang beda-beda.

Babagan kapapat, yaiku ngenani piguna folklor kang kinandhut sajrone LPRAPOTW nggunakake konsep Bascom kang dikutip Danandjaya (1984:19), pigunane folklor diperang dadi papat yaiku (1) minangka sistem proyeksi yaiku kanggo kaca pangilon mangangen-angen sawijine kolektif; (2) minangka piranti pengesahan pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan; (3) minangka piranti kanggo pendhidhik bocah; (4) minangka piranti pangendhal sosial. Saliyane iku uga ana nilai budaya kang kinandhut sajrone LPRAPOTW kang nggunakake panemune Lantini (1996:251).

Babagan kalima, yaiku ngenani nilai budaya kang kinandhut sajrone LPRAPOTW nggunakake konsep Lantini (1996:251), nilai budaya diperang dadi telu yaiku (1) nilai didaktik yaiku nilai kang asipat pasinaonan. Pasinaonan iku werna-werna pambengeane, anatarane babagan agama, kepahlawanan, budi pekerti, lan liya-liyane; (2) nilai religius yaiku nilai kang ngubungake manungsa lan Gustine kaya dene nglakoni akidah-akidah agama lan ngupaya cedak marang Gustine; (3) nilai etik yaiku hubungan sebab akibat saka anane sipat-sipat apik lan alane manungsa.

Babagan kaenem, yaiku ngenani owah-owahan LPRAPOTW ing desa Terung Wetan kang nggunakake

panemune Danandjaja (1984:4) ngandharake panyabarane folklor kanthi gethok tular (saka lambe ing lambe), ora kanthi *cetakan* utawa *rekaman* bisa ndadekake proses pola pikir manungsa kelalen (lupa dhiri), saengga bisa ngowahi sanjabane folklor sithik akehe. Proses pola pikir manungsa kang saya ngrembaka uga bisa ngowahi folklor sajrone masyarakat lan ndadekake folklor kasebut saya ngrembaka sajrone dhaerah.

## METODHE PANALITEN

### Ancangan Panaliten

Ing ancangan panliten ngenani LPRAPOTW nggunakake metode, yaiku kualitatif deskriptif. Kualitatif iki nduwensi sipat dheskriptif kang tegese nyathet kanthi tliti apa wae kang disawang lan dirungu, serta diwaca, lan panliti kudu bisa mbandhingake, nyampur lan nggawe dudutan panlitene (Sudikan, 2001:85). Kualitatif yaiku minangka prosedur panliten sing ngasilake dhata dheskriptif arupa tembung-tembung katulis utawa lesan saka informan kang bisa dideleng (Molleong, 2011:3). Deskriptifyaikupanggambaran utawa pamaparan kanthi tetembungan sing jelas lan rinci.

Panaliten LPRAPOTW uga asil tintingane arupa dhata dheskriptif ora mujudake angka utawa koefisien ngenani gegayutan antarane variabel siji lan sijine. Panliten iki ngudharake kabeh apa kang arep dibutuhake ing kene, banjur panliti ngrungokake lan nyatet dhata saka informan kasebut. Supaya anggone nganalisis dhata ing sateruse bisa kanthi cetha. Ing metode kang wis dipilih iki panliti kudu trep anggone nerapake ing lapanganane, kayata nggoleki dhata kanthi cara nyawang, nyathet lan ngrungokake informasi saka informan kasebut. Saliyane iku, panliti maparake kabeh tetembungan utawa informasi ngenani LPRAPOTW sing bisa diolehake saka informan utawa sumbere. Kanthi cara kasebut, panliten iki bisa ditanggung jawabake asile.

### Objek Panliten

Objek kang ditliti yaiku ngenani LPRAPOTW, kang papan panggonane ing Desa Terung Wetan, Kabupaten Sidoarjo. Dipilih LPRAPOTW amarga akeh warga masyarakat saka dhaerah sakiwa tengene lan dhaerah sanjabane desa Terung Wetan padha ziarah ing pesarean kasebut, kango ndonga lan nyuwun pitulungan apa wae dikabulake lan orane sejatine gumantung marang Gusti Kang Maha Kuwasa ngijabahi apa ora kang dadi pepenginane peziarah. Para peziarah uga ana kang precaya yen dheweke ndedonga kono dongane diijabahi, nanging iku miturut kaprecayan dhewe-dhewe. Menawi kekarepane pawongan kasebut diijabahi akeh kang banjur slameten tumpengan kanggo ngucapake rasa syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa kang wis ngijabahi donga lan panyuwunane panggonane slameten kerep

ditindakake ing pesarean kasebut disengkuyung dening warga sakupenge.

### Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata bisa awujud kaya wawancara lan dokumentasi saka informan. Dhata panliten iki bisa arupa lesan utawa tulisan kang diwenehi informan kanggo njangkepi dhata kang arep ditliti. Dadi ing kene sumber dhata lan dhata panliten kalungguhane iku penting kanggo panulis ngudharake isi ngenani LPRAPOTW ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo.

Sumber dhata kang utama ing panliten LPRAPOTW ana loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Sumber dhata *primer* ing LPRAPOTW iki yaiku sesepuh saka desa Terung Wetan Pak Bagus Djigangdjaya lan Mbah Sahuri. Sumber dhata *sekunder* iki yaiku juru kunci saka desa Terung Wetan yaiku Mbah Sumadji, lan Sekdes Terung Wetan Pak Sunan As'ari lan salah sawijine masyarakat kang sathithik mangerten iku ngenani tutur tinulare LPRAPOTW kasebut. Saka sumber dhata *sekunder* lan *primer* kasebut banjur bisa dianggo dhata, panliten ngenani LPRAPOTW.

Wujud sumber dhata yaiku wawancara kang dioleh saka informan arupa lesan banjur ana kang ditulis ing buku upama ana dhata penting kang tuwuhan durung kalebu ing rekaman wayah wawancara kasebut, uga ana kang diwenehi informan yaiku arupa buku kang ngenani crita LPRAPOTW sing bisa mbiyantu palengkape dhata. Sumber dhata saka informan kasebut diolah kanthi pener lan bisa ndadekake dhata kang pener.

Panaliten ing LPRAPOTW arupa dhata lesan lan dhata *kebendaan*. Dhata lesan kuwi arupa dhata saka katrangan informan kayata wawancara lan dhokumentasi, dene dhata *kebendaan* arupa sesajen lan ubarame apa wae dianggo ndedonga ing pesarean kasebut, supaya dongane diijabahi.

LPRAPOTW bahan dhata kang diutamakake yaiku diperang dadi loro yaiku dhata utama lan dhata tambahan. Bahan dhata-dhata kasebut bisa diasilake kanthi wawancara, ngamati lan dhokumentasi. Bahan dhata kaya mangkono kuwi ora anger gampang ngasilake, mula panulis kudu pinter-pinter anggone milih dhata kang trep. Dhata utama yaiku arupa informasi saka informan kang dianggep mangerten iku babagan ngenani LPRAPOTW. Dhata tambahan yaiku dhata kang ana sajrone buku-buku lan photo-photo kang bisa menehi pituduh ngenani LPRAPOTW. Saka andharan kuwi bisa didudut yen anggone panliten ngenani LPRAPOTW iki sumber dhata lan dhatane kudu saka informan, kayata kanthi ngamati, wawancara, dhokumentasi, nyathet, ngrekam lan photo-photo kang bisa nyengkuyung bukti panliten.

### Teknik Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata kuwi salah sawijine bab kang uga penting kanggo panliten, amarga tata cara kuwi kanggo nyiapake cara-cara kanggo panliten supaya dhata kang digoleki bisa ngumpul

kanthi trep. Arikunto (2009:100) ngandharake tata cara nglumpukake dhata yaiku cara cara kang digunakake panliti kanggo ngumpulake dhata. Tata cara nglumpukake dhata kanggo panliten LPRAPOTW, yaiku kayata pengamatan, wawancara, ngrekam, nyathet, transkripsi lan dhokumentasi. Pengamatan yaiku ngamati objek kanthi teliti apa wae kang perlu dimangerten i saka objek kang arep digawe. Observasi yaiku ngamati objek kang ditliti bisa kanthi langsung utawa secara ora langsung. Wawancara yaiku nyuwun informasi saka informan kang mangerten i objek kang ditliti kanggo nambahi dhata kag kurang jangkep, ora mung wong siji wae kang wawancarai nanging bisa luwih saka siji. Rekaman yaiku ngrekam swarane informan kang wis ngundharake objek kasebut. Dhokumentasi yaiku dhokumentasekake objek kang arep ditliti arupa dhata visual. Cathetan yaiku nyathet apa wae kang penting.

### Teknik Ngolah Dhata

Tata carane ngolah dhata kuwi kang wis dilumpukake kanthi ditata urutane kang trep supaya anggone nganalisis dhata ora morat-marit (amburadul) lan dhata kasusun rapi lan jangkep. Analisis dhata miturut Paton (sajrone Moleong 2011:103) yaiku proses ngatur urutane dhata, ngorganisasekake ing sajrone pola, kategori lan nyawijkake dheskripsine dhata. Dadi tata carane ngolah dhata kuwi proses ngatur urutane dhata wiwitlan nganti pungkasan, banjur diklumpukake kanthi trep, supaya panliti anggone nganalisis dhata bisa trep. Analisis dhata ing panliten iki kanthi ditempuh langkah-langkah kaya ing ngisor iki:

- 1) Dhata-dhata kang wis nglumpuk banjur diperang sakadhedhasar prakara kang ditliti, kaya dene wujud legendha kasebut dumadi, pigunane, makna simbol kang kinandhut, nilai-nilai budaya lan owah-owahan folklor kang dumadi ing legendha kasebut.
- 2) Ngandharake dhata luwih cetha adhedhasar, lan analisis sakabehe dhata kang wis ana, kaya dene dhata babagan pendhuduk desa kang ditintingi maneh adhedhasar cacahe pemdhuduk, pangupajiwa, agama lan religi, serta liyan-liyane.
- 3) Pungkasane njlentrehake babagan dudutan, yaiku reringkese ing panliten lan pramayoga babagan upaya kanggo ngrembakake crita legendha kasebuut supaya ora luntur kagiles jaman.

### ASILE PANLITEN

#### Gegambarane Desa Terung Wetan

Ing babagan ngenani gegambarane desa Terung Wetan iki panliti bakal njlentrehake apa wae kang ana gegayutane karo desa Terung Wetan uga ngenani legendha kasebut. Sadurunge ngrembag babagan ngenani LPRAPOTW, luwih dhisik panliti njlentrehake babagan ngenani kahanan alam ing desa Terung Wetan.

Sajrone panliten kabudayan, gegambaran desa nduweni pangaribawa tumrap ngrembakake kabudayan kasebut.

### 1) Kahanan ALam Desa Terung Wetan

Desa Terung Wetan yaiku minangka salah siji desa kang ana ing Kecamatan Krian Kabupaten Sidoarjo. Panggonane winatesan, sisih wetan desa Jogosatru, sisih kulon desa Terung Wetan, sisih elor desa Jati Kalang, lalan sisih kidul desa Candi Negoro. Balai Desa Terung Wetan panggonane sawise protelon Garuda kang ana ing sisih kiwa dhalan. Dhata etnografi iki dijupuk saka kantor desa Terung Wetan Kecamatan Krian Kabupaten Sidoarjo. Secara geografis tlatah desa Terung Wetan ana ing sisih kulon. Jarak kang ditempuh saka kutha Kecamatan watara 3 Km, lan saka kutha Sidoarjo 17 Km. Desa Terung Wetan kang nduweni tlatah jembar 29.885 Ha. Jembare lahan diperang minangka, fasilitas umum, pemukiman, pertanian, kagiyatan ekonomi lan sapiturute. Desa terung diperang dadi loro yaiku Terung Wetan lan Terung Kulon.

### 2) Struktur Pamarintah Desa Terung Wetan

Minangka sawijine desa, strukur desa Terung Wetan ora bisa uwal saka struktur administrative pamarintahan ing tingkat sandhuwure. Susunan organisasi lan tata karya pamarintahan desa Terung Wetan, kaperang saka: Lurah/Kepala Desa, Carik/Sekertaris, Staf Sekertaris, Kepala Dhusun, Kasi Pamarintah, Kasi Pembangunan, Kasi Pelayanan Umum, Kasi Trantib, Kasi Kesra. Saka susunan organisasi kang wis disebutake panliti njupuk dhata saka Balai Desa.

### 3) Pendhuduk Desa Terung Wetan

Pendhuduk ing desa Terung Wetan iki akeh kang nganut agama Islam tinimbang agama liyane. Masyarakat desa Terung Wetan kang isih precaya karo adat kejawen, amarga bisa dideleng yen saben taun masyarakat Terung Wetan isih nganakake tradhisi kang digayutake karo salah sijine pesarean yaiku RAPOTW ing desa Terung Wetan. Cacahe pendhuduk desa Terung Wetan yaiku 2.313 wong dumadi saka pendhuduk lanang cacahe ana 1.112 wong lan pendhuduk wadone 1.201 wong.

### 4) Pendhidhikan Desa Terung Wetan

Desa Terung Wetan uga wis dinyatakake minangka desa tuntas wuta aksara. Pendhuduk ing desa iki uga kalebu pendhuduk kang “berpendhidhikan”, amarga masyarakat desa Terung Wetan akeh bocah kang gelem ngupadi ilmu lan nglancarake progam pendhidhikan.

### 5) Pangupajiwa Masyarakat Desa Terung Wetan

Pangupajiwa iki gegayutan karo penggawean apa wae kang ditekuni dening warga desa Terung Wetan. Pendhuduk desa Terung Wetan nuduhake pangupajiwane sing luwih akeh minangka petani lan

buruh tani. Saliyane dadi petani uga ana kang sing dadi guru, karyawan swasta, PNS, dagang, dokter swasta, TNI, POLRI, swasta lan sapiturute.

#### 6) Agama lan Sistem Religi Desa Terung Wetan

Masyarakat ing desa Terung Wetan akeh kang ngugemi agama Islam. Agama Islam kang dianut kabeh warga desa Terung Wetan isih kecampur karo adat kang lumaku lan diprecaya. Kanggo nindakake ibadah, para warga mbangun papan ibadah kang arupa masjid lan langgar.

#### 7) Basa kang digunakake

Kotbah-kotbah agama apa wae kadhang kala uga isih ana sing nggunakake basa Jawa. Rapat-rapat sing resmi ing tingkat desa isih nggunakake basa campuran, basa Jawa lan basa Indonesia. Saliyane iku warga desa Terung Wetan saben dinane nggunakake basa padinan, kayata basa campuran basa dhialek Sidoarjo yaiku karo basa Jawa lumrae. Kalebu wong tuwa uga para pamudhane nggunakake basa campuran nanging biyasane saben desa ana kang nggunakake basa beda-beda. Basa kang digunakake ing desa Terung Wetan wis nduweni ciri khas dhewe saka kutha Sidoarjo basa ngoko kasaran kaya basa dialek Surabaya, dadi antrane basa Jawa ngokoan lan Surabaya kasaran biyasane dicampur dadi siji. Ing desa Terung Wetan uga ana kang migunakake basa Indonesia kanggo omongan omongan saben dinane utawa karo wong liya.

#### 8) GegayutanKahanan Desa lan LPRAPOTW

Gegayutane kahanan desa lan LPRAPOTW iki kahanan kayata kang wis diandharake ing dhuwur kasebut sing isih ana gegayutane karo desa Terung Wetan kasebut.

#### Petilasan Pesarean Raden Husein lan Getih Sunan Ngudhung

Ing desa Terung Wetan petilasan pesarean saking ramane RAPOTW yaiku Raden Husein panggonane ana ing mburine Masjid Baiturahim desa Terung Kulon. Pesarean diprecaya masyarakat desa Terung Wetan tilas tapane Raden Husein, nanging uga ana ing sisih kiwa yaiku tilase getih Sunan Ngudhung (ramane Sunan Kudus) sing dipateni karo Raden Husein nalika perang antarane kerajaan Majapahit lan Demak Bintoro banjur diwenehi patokan (watu nisan) ing kono.

#### Wujud LPRAPOTW

Wujud LPRAPOTW diwiwiti saking Raden Haryo Dhamar dikawinake dening Putri Cempakawati kang nduweni putra yaiku Raden Husein. Raden Husein nduweni putrid yaiku Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung kang mati, amarga dipateni dening ramane dhewe kang ngandhut tanpa bapak. Raden Ayu Putri Ngandhut tanpa baoak amarga lading (pangot) kang

diduweni pamuda nggantheng yaiku Raden Makdhum Ibrahim (Sunan Bonang).

Raden Ayu Putri jasade dieksekusi ing dina Selasa Kliwon (Anggara Kasih), lan jasade dibunwang ana ing Bengawan Terung. Mulane jeneng "Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati" dumadi "Raden Ayu Putri Oncat andha Wurung". Katrangan kasebut dikuwate saka cuplikan kang diandharake dening informan. Kaya ing ngisor iki.

*Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati jeneng wiwitane kuwi mbak,sing isih durung dipateni karo ramane Raden Husein. Jeneng Cempakawati kuwi mbak isih ana gayutane karo ibune Raden Husein yaiku Putri Cempakawati (Putri Dwiworowati). Merga mari kedadean kaya mangkono jenenge Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati dadi Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung. Tembung "Oncat" kuwi tegese jasade ora sido metu saka Bengawan sing asat kuwi, banjur tembung "Tandha" kuwi tegese ora mangerten i apa tanda utawa isine kang ana jrone wetenge Raden Ayu Putri kuwi, lan pungkasan tembung "Wurung" kuwi tegese durung ngerti apa isine ing wetenge Raden Ayu Putri, wujud ula, naga utawa pusaka. Dadi saka kuwi petilasan pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung iki diprecaya karo masyarakat desa Terung Wetan yen pesareane kuwi keramat, merga ngerti critane kaya Bengawan Terung kang derese dadi asat lan jujure kuwi uga bektine marang wong tuwane. Saka sipate kuwi bisa ndadekake patuladhan kanggo bocah-bocah jaman saiki (Sahuri, 19 April 2015).*

#### Piguna kang Kinandhut ana ing LPRAPOTW

Folklor uga nduweni piguna tartamtu kanggo bebrayan panyengkuyunge utawa kang nyebaraké kabudayan kasebut. Piguna kang diduweni folklor iku nduweni tujuwan kanggo narik kawigaten bebrayan, supaya tetep nguri-uri lan nyengkuyung tradhisi amrih bisa tetep lestari lan bisa dadi warisan budaya. Folklor iku migunani tumrap panguripane bebrayan panyengkuyunge. Bascom (ing sajrone Dananjaja 1984:19), ngandharake pigunane folklor diperang dadi papat, yaiku:

##### 1) Minangka Sistem Proyeksi

Minangka sistem proyeksi yaiku kanggo alat pancerminan mangangen-angen sawijine kolektif.

##### 2) Minangka Piranti Pendhidhikan

Minangka piranti pendhidhikan yaiku piranti kaya dene critane bisa dianggo patuladhan mligine para pamudha kang nyengkuyung ngenani legendha kasebut.

##### 3) Minangka Piranti Kendali Sosial

Minangka piranti kendali sosial yaiku piranti kaya isih ana gegayutane karo pesarean kasebut. Piranti kendali sosial kasebut kaya dene larangan utawa aturan kang isih ana ing pesarean ksebut.

**4) Minangka piranti pangesahan pranata lan lembaga kabudayan**

Minangka piranti pangesahan pranata lan lembaga kabudayan yaiku pranata lan lembaga kang arupa aturan utawa larangan sing ora oleh dilanggar ana ing pesarean kasebut.

**Makna Simbol kang kinandhut ing LPRAPOTW**

Saben simbol nduweni makna tartamtu kanggo nggamarake apa teges kang diduwensi saben simbol, lan kanggo pambedaha saka pesarean siji karo pesarean liyane.

**1) Makna Simbol Watu Manggis**

Makna simbol watu manggis yaiku piranti kango ndulitna wedhak tabor sawise ziarah ing pesarean kasebut.

**2) Makna Simbol Wedhak, Kaca Pangilon, Rembug, lan Jungkas**

Makna simbol wedhak, kaca pangilon, rembug, lan jungkas yaiku salah sawijine piranti kang disenengi Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung, lan pratandha pesareane wong wadon.

**3) Makna Simbol Kendhi**

Makna simbol kendhi yaiku piranti utawa wadhah kango banyu putih kang wis dicepakake ing pesarean kasebut. Banjur kendhi kasebut dianggo sawise ziarah kanggo nyiramake banyu kang ana ing wadhahe.

**4) Makna Simbol Banyu Putih**

Makna simbol banyu putih yaiku kanggo nyiram ing pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung supaya pesarean kasebut oleh kasegeran lan adhem ing alam donyane.

**5) Makna Simbol Dupa**

Makna simbol dupa yaiku saka ambu wanginge dupa supaya apa kang dadi pepinginane para peziarah bisa diijabahi dening Gusti Kang Maha Kuwasa.

**6) Makna Simbol Sumur Manggis**

Makna simbol sumur manggis yaiku sumur kang ditemokake dening Mbah Sahuri, lan gunane dianggo wijik tangan lan sikil sadurunge lan sawise ziarah ing pesarean kasebut.

**7) Makna Simbol Kembang Wangi**

Makna simbol kembang wangi minangka simbol kautaman saking kembang wangi kasebut. Dadi kautaman kasebut bisa dianggo pangarep-pangarep supaya urip ing bebrayan nduweni kautaman.

**8) Makna Simbol Rokok**

Makna simbol rokok kanggo panguwat lan panentu, banjur diwenehna marang para leluhur kang wis tinggal donya.

**9) Makna Simbol Kopi**

Makna simbol kopi kanggo panguwat. Kopi kasebut kanggo para leluhur kang wis tinggal donya supaya bisa ngrasakake asil alam.

**Nilai kang Kinandhut ing LPRAPOTW**

Nilai budaya minangka konsep kang urip pamikire manungsa ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai ing sajrone urip.

**1) Nilai Didaktis**

Nilai didaktis yaiku nilai kang asipat pasionana kayata pasinainan ngenani agama, budi pekerti, ajaran, kasempurnan dhiri lan kepahlawanan.

**2) Nilai Etis**

Nilai Etis yaiku gegayutan sebab akibat saka anane sipat-sipat apik lan alane manungsa.

**3) Nilai Religius**

Nilai religius yaiku nilai kang ngubungake manungsa lan Gustine kaya dene nglakoni akidah-akidah agama lan ngupaya cedak marang Gustine.

**Owah-owahan kang dumadi ing LPRAPOTW**

Owah-owahan kang dumadi sajrone legendha, yaiku saka buku titi tinular, bangunan pesarean, pakulinan kang kerep dianakake ing pesarean, sesajen lan ubarampe sajroneadicara ruwat desa (sedhekah bumi).

**PANUTUP**

**Dudutan**

Adhedhasar dhata kang wis dikumpulake lan njlentrehan kang ana ing bab sadurunge, bisa didudut asile panliten. Dudutan ngenani asile panliten mujudake asile bab kang wigati lan cundhuk karo tujuwan ngandharake panliten. Dudutan kang bisa diandharake yaiku kaya ing ngisor iki.

Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung minangka folklor lesan kang tuwuhan ing desa Terung Wetan. Wujude legendha Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung ora ana gandheng cenenge karo wujude desa Terung Wetan. Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Onjat Tandha Wurung, nyritakake putrine Adipati Terung kang jenenge Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati kang ngandhut tanpa bapak. Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati jasad dieksekusi ing dina Anggara Kasih (Selasa Kliwon) lan ora disangka-sangka sawise nguncalake jasade ing Bengawan Terung getihe dadi werna putih lan ambune wangi. Bengawan Terung sing banyune agung lan deres kuwi ora disangka-sangka banyune asat. Saka kedadean kuwi

Raden Husein kuciwa lan getun banget. Dening andhahane diencepeake watu nisan ing ngendi Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati mati. Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati jenenge dadi Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung . Tembung “Oncat”tegese jasade ora sida metu saka Bengawan Terung sing asat kuwi, banjur tembung “Tandha” tegese ora mangerten i apa tandha utawa isine kang ana njerone wetenge Raden Ayu Putri kuwi, lan pungkasane tembung “Wurung” tegese durung ngerti apa isine wetenge Raden Ayu Putri wujud ula, naga utawa pusaka.

Babagan makna Legendha Persarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung nduweni makna kang kinandhut, yaiku piranti kang isih ana gegayutane kaya dene watu manggis, sumur manggis, kendhi, banyu putih, dupa, wedhak, rembug, jungkas lan kaca pangilon.

Pigunane Legendha Pesareab Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung antarane minangka sistem proyeksi, piranti pranata kabudayan, piranti kendali sosial lan piranti pendhidhikan. Banjur tuwu piguna liyane yaiku minangka sarana kanggo nentremake ati lan minangka papan utawa sarana kanggo ngalab berkah. Piguna legendha iku bisa tuwu piguna liyane amarga saka pamawase panliti ana katrangan saka informan kang nuwuhake piguna sanjabane piguna kang diandharake Bascom. Saliyane piguna folklor uga ana saweneh nilai budaya kang kinandhut ing Legendha Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung. Nilai budaya iku antarane nilai dhidhaktis, nilai etik lan nilai religius. Kabeh mau diandharake dadi siji ing bab andharan panliten.

Saliyane iku uga ana owah-owahan sajrone LPRAPOTW kapisan, yaiku wiwit buku legendha titi tinular Raden Ayu Putri Sundari Cempakawati kang ditulis dening sesepuh jaman biyen sing diowahi dening sesepuh jaman saiki kanthi panyebarane saka lesan (lambe ing lambe) anggone nyebarake ngenani critane. Kapindo owah-owahan saka bangunane pesarean sing diowahi dening masyarakat, kayata bangunan gapura, tembok kayu sing diukir, mushola lan jedhing. Katelu owah-owahan saka pakulinan kang kerep dianakake yaiku ndulitna wedhak tabur ing watu manggis lan ing putra-putrine supaya ora sawanen, nggawa dupa, ngresiki sikil lan tangan ing watu manggis. Kapapat owah-owahan saka sesajen lan ubarampe ingadicara ruwat desa (sedhekah bumi).

### **Pramayoga**

Kabudayaan bakal ilang nalika manungsa wis ora gelem nguri-uri kabudayan, mligine kabudayan daerah kang awujud folklor lesan. Folklor lesan ana lan ngrembaka amarga diwarisake kanthi cara turuntemurun lan gethok tular. Folklor lesan luwih gampang ilang tinimbang sastra tulis, mula perlu dilestarekake supaya tetep ngrembaka.

Folklor lesan perlu dilestarekake supaya anak putu mbesok bisa mangerten i crita kang ngrembaka ing dhaerahe dhewe utawa dhaerah liyane, saengga bisa dadi ilmu kang ana paedahe. Sairing ngrembakane jaman kang saya maju iki, kudune para pamudha kudu

luwih pinter angone ngrembakan utawa nglestarekake budaya folklor lesan iki supaya ora ilang kanthi turutemurun.

Panliten iki nduweni pangareparep muga bisa menehi paedah marang wong kang durung mangerten i ngenani Legendha Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung. Saliyane iku muga ana panliten kang apikmper kanggo njaga kahanan kabudayan daerah supaya tetep lestari.

### **KAPUSTAKAN**

- Arikunto, Suharsimi. 2009. *Manajemen Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaya, James. 1984. *Foklor Indonesia*. Jakarta: Pusaka Utama Gafiti.
- Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Daerah di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: UGM Press.
- Haviland, William A. 1989. *Antropologi*. Jakarta: Erlangga.
- Hutomo, Suripan. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan*. Surabaya: HISKI.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Melintas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- Latini, Endah Susi, dkk. 1996. *Refleksi Nilai-nilai Budaya Jawa Dalam Serat Suryaraja*. Jakarta: CV Putra Sejati Raya.
- Maryeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Moleong, Lexy. 2001. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1998. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Parera, J.D. 2004. *Teori Semantik Edisi ke-2*. Jakarta: Erlangga.
- Tim Pusat Bahasa. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Soedarsono. 1986. *Kesenian, Bahasa dan Folklor Jawa*. Yogyakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif & Kualitatif R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sulaeman, Munandar. 2005. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: PT. Refika Aditama.
- Sumarsono, H.R. 2007. *Babad Tanah Jawi*. Yogyakarta: Penerbit Narasi.
- Sutrisno, Mujid lan Purwanto, Hendar. 2005. *Teori-teori Kebudayaan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Suwandi, Sarwidji. 2006. *Semantik Kajian Makna*. Yogyakarta: KLEIN Press.

